

ETA NEW YORK
 BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI
 (OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES, OCAFS)

**FÒM KONPOZISYON MOUN NAN KAY LA AK SA YO YE YOUN POU LÒT (PREMYE PATI)
 ADOPSYON SÈLMAN**

Eksplikasyon:

Travayè Sosyal/travayè ajans yo: Yo dwe ranpli fòm sa a yon fason endividyèl ak chak moun k ap aplike. Fòm sa a dwe ranpli ak enfòmasyon ke yo pran nan entèvyou, obsèvasyon ak lòt enfòmasyon yo jwenn pandan pwosesis apwobasyon an. Tout kesyon yo ka pa aplikab pou yon moun k ap aplike. Si yo pa aplikab, mete PA APLIKAB. Si ajans ou an mande l, yon sipèvizè dwe siyen fòm nan lè li fin ranpli.

NON MOUN K AP APLIKE A:	
ETA CIVIL	
Èske ou marye?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi
Èske w te marye deja oswa ou te gen yon relasyon alontèm anvan sa?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi
a. Si wi, ki lè ak poukisa yo te kraze?	
SI W MARYE:	
1. Ki dat ou te marye?	/ /
2. Depi ki lè nou ansanm?	
3. Kijan ou t ap dekri relasyon w lan?	
SI W PA MARYE:	
1. Èske w gen yon mennaj oswa yon konjwen?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi Si wi, bay non l:
2. Konbyen fwa yo abite avèk ou?	<input type="checkbox"/> PA APLIKAB
3. Depi ki lè nou ansanm?	
4. Kijan ou t ap dekri relasyon w lan?	
I. RELASYON – Travayè sosyal/travayè ajans lan dwe ranpli si moun k ap aplike a marye oswa nan yon lòt relasyon ak yon mennaj/konjwen.	
1. Kisa ki fè kè ou kontan konsènan mennaj ou an?	
2. Ki kalite bagay ki fè w fache konsènan mennaj ou an?	
3. Ki fòs ki gen nan relasyon w lan?	
4. Sou ki pwen nou pa dakò nan relasyon nou an?	
5. Kijan nou jere dezakò yo?	
6. Kijan w reyaji fas ak mennaj ou an lè gen dezakò?	
7. Kijan nou pran dezisyon yo?	
8. Kisa kòm estrès ki egziste nan relasyon nou an?	
9. Kijan nou jere estrès nan relasyon nou an?	
10. Kimoun ki jere lajan nan relasyon nou an?	
11. Kijan nou pran dezisyon finansye yo?	
12. Kijan ou t ap dekri pwen fò ak bezwen mennaj ou an?	
13. Kijan mennaj ou an t ap dekri pwen fò w ak bezwen w yo?	
II. FANMI	
ORÈ	
1. Kijan nou pase yon semèn nòmal?	
a. Wikenn nòmal?	
2. Kijan nou pase yon moman lwazi antanke fanmi?	
a. Apa?	
3. Nan ki resous/aktivite nan kominote a ou (ak fanmi w) patisipe?	

RELASYON	
1. Ki fanmi lwen ou genyen? a. Kikote y ap viv? b. Chak ki lè youn kominike ak lòt? c. Ki kalite relasyon nou genyen?	
2. Ki kote zanmi w yo ye? a. Depi ki lè nou zanmi? b. Nan ki sikonstans epi chak ki lè nou kominike?	
3. Ki sistèm sipò ou genyen ki disponib?	
4. Kimoun ki t ap dezyèm resous la si ou pa t kapab pran swen timoun nan ankò?	
FANMI KI GEN TIMOUN YO (SI LI APLIKAB)	
1. Kijan timoun ki nan fanmi an antann yo youn ak lòt epi, si li aplikab, ak timoun ou yo ki p ap viv nan kay la?	
2. Ki règ ki egziste nan kay la epi ki konsekans y ap sibi si yo pa respekte yo?	
3. Kijan règ yo chanje selon laj, kapasite, elatriye, chak timoun?	
4. Kijan nou jere disiplin?	
ADOPSYON	
1. Kijan chak moun ki nan fanmi an wè lide pou vin yon fanmi adoptif?	
2. Ki nivo preparasyon chak manm fanmi an?	
3. Kisa fanmi lwen ak zanmi w yo panse konsènan adopsyon an?	
III. FASON POU FÈ EDIKASYON TIMOUN	
1. Ki esperyans ou te genyen nan fè edikasyon timoun?	
2. Ki fason w fè edikasyon timoun? <input type="checkbox"/> PA APLIKAB a. Ki fason mennaj ou an fè edikasyon timoun? <input type="checkbox"/> PA APLIKAB	
3. Selon ou, ki fòm disiplin ki pi efikas?	
4. Dekri relasyon w genyen ak chak timoun nan kay la ak timoun ki pa nan kay la, si sa aplikab.	
5. Ki fòmasyon ou te suiv ki te baze sou fè edikasyon timoun, si genyen? a. Ki fòmasyon/sipò sou fè edikasyon timoun ou panse w pral bezwen?	
6. Kisa w panse k ap fè w yon bon paran?	
7. Ki eksperyans swen timoun ou te fè?	
8. Kijan ou sipòte pitit ou a sou pwèn akademik, lakay ou ak nan lekòl la? <input type="checkbox"/> PA APLIKAB	
9. Èske gen youn nan timoun ou yo ki lekol lakay li? <input type="checkbox"/> PA APLIKAB	
FÈ EDIKASYON YON TIMOUN YO METE NAN ADOPSYON	
1. Ki rezon ou panse ki ta ka fè yon timoun kalifye pou adopsyon?	
2. Ki motivasyon ou genyen pou fè yon adopsyon nan moman sa a?	
3. Èske w konprann wòl ou antanke yon paran adoptif?	
4. Ki eksperyans ou te genyen avèk adopsyon?	

5. Kijan w pral sipòte yon timoun sou pwen akademik, lakay ou ak nan lekòl la? a. Ki atant ou genyen pou pwogrè akademik yon timoun?	
6. Kijan w pral ede yon timoun kenbe lyen li genyen ak fanmi li, kilti li, relijyon li epi kominote li?	
7. Ki wòl ou panse fanmi byolojik timoun nan pral genyen ak pitit ou apre adopsyon an? a. Ki wòl ou panse ou pral genyen ak fanmi byolojik timoun nan?	

SIPÒ

1. Èske manm fanmi an gen anpil bezwen espesyal oswa pwoblèm? a. Si se wi, dekri li. b. Ki wòl ou genyen nan reponn ak bezwen oswa defi espesyal manm fanmi sa a?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi
2. Si li aplikab, dekri move itilizasyon sibstans, pwoblèm sante mantal, pwoblèm konpòtman timoun ou an te genyen, si genyen, ak tretman li te swiv.	<input type="checkbox"/> PA APLIKAB

IV. ENTÈVYOU SIKOSOSYAL

Objektif entèvyou sikososyal la se gade pase moun k ap aplike a ak faktè sikolojik/sosyal aktyèl yo ak enpak yo sou kapasite, volonte ak preparasyon moun k ap aplike a pou l adopte yon timoun, ak devlope plan sipò lè li aplikab.

Nan sekson sa a, yo poze kesyon yo kòm konsèy sèlman. Travayè sosyal yo/travayè ajans lan dwe itilize kapasite angajman ak evalyasyon pou eksplòre domèn sa yo, pandan y ap itilize kesyon ak konsèy pi ba yo nan nivo yo kapab enpòtan ak aplikab. Yo ta dwe bay repons moun k ap aplike sou fòm naratif (ekri yon istwa) nan kote yo kite vid pou sa anba a.

ISTWA PÈSONÈL**Bagay pou w konsidere:**

- Istwa ak relasyon famiyal avèk tout moun ki nan fanmi yo ak fanmi an (Jenogram)
- Relasyon famiyal
- Eksperyans nan timoun ak moman ki desizif yo
- Kijan yo te konn raple w alòd lè w te timoun?
- Tradisyon ak relijyon/espirtyalite
- Maryaj/esperyans renmen
- Èske plan adopsyon an te bay estrès oumenm ak/oswa fanmi ou estrès?

KAPASITE POU ADAPTE AK JERE ESTRÈS**Bagay pou w konsidere:**

- Esperyans pèdi yon moun ak/oswa sezisman
- Pa kapab fè timoun (si li aplikab)
- Estrateji pou adapte ak jesyon estrès
- Enpak esperyans ou fè nan lavi a gen fason w ap fonksyone kounye a
- Atant reyalis nan peryòd anfans

Egzanp Kesyon:

- Anpil nan paran adoptif ki pi byen reyisi yo te sibi pèt ak chòk nan lavi yo ki te ede yo vin moun yo ye jodi a. Èske sa te rive nan lavi w?
 - Ki enpak li te genyen sou ou alepòk ak jodi a?
 - Ki defi li te poze pou ou?
- Lè w ap fè fas ak moman difisil yo, ki resous ou itilize pou w kapab soti tèt ou? Kiyès ki ede w?
- Kijan w fè konnen lè w gen estrès? Ki siyal ou remake nan kò w, sou plan sosyal, ak/oswa koiitif?
- Ki sitiyasyon ki ka ba w estrès oswa lakòz yon kriz?
- Ki estrateji pou w pran swen tèt ou ki efikas pou ou?

SANTE KONPOTMANTAL POU TOUT MANM FANMI AN**Bagay pou w konsidere:**

- Konsomasyon abizif alkòl ak/oswa dwòg
- Sante mantal:
- Vyolans nan fanmi/sou mennaj
- Tretman aktyèl oswa tretman ou swiv deja pou move itilizasyon sibstans (dwòg/alkòl) oswa pwoblèm sante mantal

Egzanp Kesyon:

- Dekri nenpòt istwa alkòl/sibstans nan fanmi w lè te piti ak jodi a.
- Èske gen yon moun nan fanmi w k ap resevwa kounye a oswa te konn resevwa tretman pou move itilizasyon sibstans/alkòl?
- Èske oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi w te gen pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm sante enpòtan tankou pwoblèm fizik, mantal oswa emosyonèl?
- Èske swen tèt ou an te gen ladan chèche avantaj yon konseye oswa yon pwofesyonèl ki fè terapi?
- Èske w kapab dekri yon lè oumenm oswa yon lòt fanmi te menase/blese/fè yon lòt fanmi pè oswa yon lòt fanmi te fè oumenm oswa yon lòt fanmi santi nou menase/blese/fè nou pè?
- Èske gen yon moun nan kay la kounye a oswa anvan sa ki t ap swiv tretman pou move itilizasyon sibstans (dwòg/alkòl) oswa pwoblèm sante mantal?

V. NÒT TRAVAYÈ SOSYAL/TRAVAYÈ AJANS LA

Dat vizit/entèvyou:	/ / ,
Nòt	
Dat Patisipasyon an:	/ /
SIYATI/DAT:	
SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA/TRAVAYÈ AJANS LAN: X	DAT LA: / /
SIYATI SIPÈVIZÈ A: X	DAT LA: / /

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI
(OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES, OCAFS)**FÒM KONPOZISYON MOUN NAN KAY LA AK KISA YO YE YOUN POU LÒT (DEZYÈM PATI)
ADOPSYON SÈLMAN****Eksplikasyon:**

Travayè Sosyal/travayè ajans yo: Ou dwe ranpli yon fòm apa pou chak manm fanmi an ki poko gen 18 lane, selon etap devlopman timoun nan. Fanmi an, travayè sosyal la/travayè ajans lan, ak sipèvizè travayè sosyal la/travayè ajans lan ap detèmine si timoun nan pral patisipe epi si moun k ap aplike a (yo) ta dwe prezan. Tanpri sonje fòm sa a ka sèvi pou timoun ki majè moun k ap aplike a [yo] genyen. Si ajans ou an mande l, yon sipèvizè dwe siyen fòm nan lè li fin ranpli.

I. ENTÈVYOU AK TIMOUN	
NON TMOUN LAN:	DAT NESANS: / /
Relasyon timoun nan ak moun k ap aplike a (yo):	
Si yo te pran desizyon pou yon timoun pa patisipe, eksplike poukisa:	
OUMENM	
1. Èske w lekòl? a. Si wi, nan ki klas ou ye? b. Si wi, nan ki lekòl ou ye?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi
2. Kijan w santi w konsènan lekòl?	
3. Ki pastan w ak sa ki enterese w?	
4. Ki senk (5) mo pi byen dekri w?	
5. Ak ki moun ou kapab pale si w bezwen èd?	
PARAN W	
1. Ki relasyon w genyen avèk chak paran/moun k ap aplike? a. Frè ak sè ou yo?	
2. Dekri relasyon paran ou/moun k ap aplike yo.	
FANMI AN	
1. Konbyen fwa ou ale kay zanmi? a. Konbyen fwa zanmi w vin lakay ou?	
2. Èske ou ka dekri nenpòt prensip lakay ou genyen? a. Kisa ki pase lè ou pa respekte prensip sa yo?	
3. Èske ou gen difikilte pou respekte prensip kay la? a. Ki prensip nan kay la ki difisil pou respekte?	
ADOPSYON	
1. Kisa ou konnen sou adopsyon?	
2. Kisa w santi lè w pataje kay ou ak yon lòt timoun?	
3. Eksplike kijan w panse yon timoun pral gen plas li nan fanmi w.	

4. Ki enkyetid ou genyen konsènan paran ou ki pral/moun k ap aplike pou adopte yon timoun?	
5. Kijan w imajine desizyon pou adopte yon timoun pral afekte w?	
6. Kisa w ap fè si timoun nan pa dakò avè w oswa avèk paran ou/moun k ap aplike a (yo)?	
7. Kisa w t ap swete nenpòt timoun ki rantre nan fanmi ou? Pa egzanp: laj, sèks, enterè?	
8. Eske w poko janm vle yon lòt frè/sè?	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen/mwen pa janm panse ak sa

II. NÒT TRAVAYÈ SOSYAL/TRAVAYÈ AJANS LA

Dat vizit/entèvyou:	/ / ,
Nòt	
Dat Patisipasyon an:	/ /
SIYATI/DAT:	
SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA/TRAVAYÈ AJANS LAN: X	DAT LA: / /
SIYATI SIPÈVIZÈ A: X	DAT LA: / /